

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG SARAN

#### 5. 1 Kacindekan

Ieu panalungtikan miboga tujuan ngadéskripsikeun jeung nganalisis struktur tur fungsi sosial sastra, dipatalikeun kana bahan pangajaran maca novél kelas IX SMP. Objék anu ditalungtik nyaéta novél *Ochank* karya Tatang Sumarsono. Anapon tiori anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta tiori struktural Robert Stanton anu ngabagi struktur novél jadi tema, fakta carita (galur, palaku, jeung latar), sarana carita (judul, puseur impelngan, jeung gaya basa).

Tiori fungsi sosial sastra Ian Watt ngabagi jadi tilu nyaéta kontéks sosial pangarang, sastra minangka eunteung masarakat, jeung fungsi sosial sastra. Tiori anu dipaké nyaéta fungsi sosial sastra. Ngeunaan tiori kriteria milih bahan ajar anu dipaké nyaéta tiori Nasution, tujuan nu hayang dihontal, dianggap mibanda ajén pikeun kahirupan manusa, dianggap mibanda ajén entragan saméméhna, miboga mangpaat pikeun ngawas hiji paélmuan, luyu kana pangabutuh katut minat siswa. Ieu panalungtikan ngagunakeun metode deskriptif kualitatif ngaliwatan talaah pustaka, analisis data jeung interpretasi. Anapon instrumen anu digunakeun nyaéta tabél ceklis buku sumber, tabél data struktural, tabél data fungsi sosial sastra, jeung tabél ceklis kriteria milih bahan ajar.

Hasil anu kapaluruh dina novél *Ochank* karya Tatang Sumarsono nyaéta temana ngeunaan lingkungan nu nyaritakeun Ochank nu dibawa ka alam siluman lantaran geus nulungan oray anu rék diteunggeulan ku barudak di lapang doser. Tokoh anu kapaluruh dina ieu novél kabagi jadi dua nyaéta palaku utama Ochank jeung palaku tambahan Héndra, Ninon, indung bapa Ochank, Imas, Udan, Mang Santa. Si Koros, Nyi Mojang, Marty, Farouq, Ginanjar. Latar dina ieu novél teu jauh ti lemburna Ochank atawa sabuedeureun lembur Ochank nyaéta imah Ochank, lapang doser, jeung jalan-jalan anu tembus ka perumahan anyar deukeut imah Ochank. Salian ti imah Ochank, latar dina ieu novél ogé nyaéta imahna Mang Santa di alam siluman. Latar waktu dina ieu novél

**Intan Eka Ardiwisastra, 2019**

**NOVÉL OCHANK KARYA TATANG SUMARSONO PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DI KELAS IX SMP (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG FUNGSI SOSIAL)**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

isuk-isuk, beurang, soré, jeung peuting. Puseur impelngam dina ieu novél nyaéta jalma katilu-teu kawatesanan sabab pangarang maké ngaran gaganti jalma jeung bisa apal kana eusi haté palaku.

Dina ieu novél nyangkaruk fungsi sosial sastra nyaéta minangka hiburan nyaritakeun kumaha sosobatan Ochank jeung Héndra, asupna Ochank ka alam siluman, Ochank anu panasaran hayang datang deui ka alam siluman, sarta Ochank resep ka Ninon jeung Nyi Mojang. Carita éta ogé nyangking fungsi atikan, pangpangna ngeunaan lingkungan, lantaran dicaritakeun kumaha manusa ngaruksak alam jeung kumaha manusa jahat ka papadana.

Hasil analisis struktural jeung fungsi sosial sastra tuluy dipatalikeun jeung bahan ajar. Novél *Ochank* karya Tatang Sumarsono nyumponan kana kriteria milih bahan ajar sabab miboga ajén anu hadé pikeun pieunteungeun siswa jeung miboga ajén masarakat jaman harita upama dijadikeun alternatif bahan ajar pikeun pangajaran maca di kelas IX SMP.

## 5.2 Implikasi

Novél *Ochank* Karya Tatang Sumarsono mangrupa karya sastra Sunda anu miboga ajén-ajén anu hadé pikeun pieunteung siswa dina kahirupan sapopoéna. Dina ieu novél ogé nyangkaruk fungsi sosial sastra nyaéta minangka sarana hiburan jeung pikeun atikan. Hasil tina ieu panalungtikan dipiharep bisa mangpaat, salah sahijina pikeun kamekarana sastra Sunda jeung alternatif bahan ajar maca novél di kelas IX SMP.

## 5.3 Saran

Dumasar kana hasil panalungtikan ieu aya sababaraha saran anu ditepikeun ka mahasiswa, panalungtik satuluyna, guru, jeung masarakat umum.

**Saran pikeun mahasiswa**, dipiharep ieu panalungtikan bisa dijadikeun referensi hususna dina widang struktural jeung fungsi sosial sastra.

**Saran pikeun panalungtik satuluyna**, dipiharep aya panalungtik-panalungtik séjén anu nalungtik novél *Ochank* karya Tatang Sumarsono ngagunakeun pamakeran lianna.

**Saran Pikeun guru,** dipiharep tina hasil panalungtikan ieu bisa ngeuyeuban bahan ajar hususna pangajaran maca novél di kelas IX SMP.

**Saran pikeun masarakat umum,** dipiharep bisa numuwuhkeun karep kana apresiasi sastra Sunda hususna novél.